

Modèl Deklarasyon Enpak Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Skolè a

Rapò Anyèl sou Regleman Byenèt Distri a pou Ane Skolè 2019-
Tit la : 2020

Dat la : 4 out, 2021

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT\)](#) ? Wi Non

Si repons la se wi, mete dat la (dat yo) pou reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT ki konplete a isit la :

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? X Non

Seksyon yo nan Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezòman
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo refleto idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun ki nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Konsèy Byenèt Distri a (DWC) se yon konsèy konsiltatif ke Sipèntandan an lonmen. Selon lalwa, Konsèy Byenèt Distri a (DWC) genyen yon obligasyon (2010 Healthy, Hunger-Free Kids Act ak M.G.L. c. 111, §233, 105 CMR 215.000) pou l soumèt yon rapò anyèl. Rapò a prezante bay Komite Skolè a avèk kèk rekòmandasyon sou kòman distri a ka amelyore enplemantasyon yo. Moun ki alatèt konsèy la se Asistan Sipèntandan Sante ak Byenèt la ak Direktè Medikal Komisyon Sante Piblik Boston an ; apatenans akyètèl la baze sou divèsite ras, etnisite, sèks, afilyasyon pati enterese yo, ak domèn ekspètis. Konsèy la genyen ladan l plas pou reprezantan ki sot nan chak nan twa konsèy paran distri a ak de (2) plas pou reprezantan ki sot nan Konsèy Konsiltatif Elèv Boston an (BSAC). Se Ekip Done ak Evalyasyon Biwo Sante ak Byennèt la ki te konpile rapò sa a an kolaborasyon avèk ko-prezidan yo ki nan soukomite DWC a. Se manm DWC yo ak patisipan reyinyon piblik DWC yo ki te revize bwouyon yo.</p>
<p>2. Amoni avèk Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen (amonize) avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Distri a vize kreye divès anviwònman aprantisaj ki an sekirite, an sante, e ki soutni kilti ak lang elèv yo, pou tout elèv nan tout sal de klas, nan tout lekòl. Regleman Byenèt Okonplè Distri nou an founi yon plan daksyon pou n atenn objektif sa a. Rapò anyèl sa a egzamine kòman regleman an ap enpleman, e li suiv rezilta sante elèv yo selon ras, sèks, ak oryantasyon seksyèl ke elèv yo rapòte kòm idantite yo. Regleman Byenèt la soutni prèske tout aspè angajman plan stratejik distri a, ki enkli 1,8 (abòde kesyon kontribitè sanitè ak kontribitè sosyal nan mankman ki egziste nan opòtinite yo), 2,3 (ansèyman ki entegre byenèt elèv yo okonplè) ; 3,7 (angaje fanmi yo ak kominote a pou konprann bezwen yo) ; 4,4 (amelyore enstalasyon yo pou soutni sante) ; 5,4 (edikatè yo jwenn sipò nan travay yo) ; epi 6,5 (angaje kèk patnè kle).</p>
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske l te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa l te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Done ki enkli nan rapò sa a sot nan plizyè sous, e yo baze sou Plan Suivi ak Evalyasyon Regleman Byenèt la. Done enplemantasyon regleman yo agrege (reyini ansanm) sou nivo distri a ak nivo lekòl yo, men rezilta sante elèv yo separe (kategorize) selon ras, sèks, ak oryantasyon seksyèl (nan ka done Sondaj Konpòtman Danjre Jèn Moun yo). Sous done yo enkli Sondaj Pwofil Sante Lekòl ke Sant pou Kontwòl Maladi a fè ("Center for Disease Control" - CDC), Sondaj Klima Lekòl yo ("School Climate Survey"), dosye anbochman manm pèsone biwo Kapital Imen an (Resous Imen), Done Konpòtman Danjre Jèn Lekòl Mwayèn yo ak Lekòl Segondè yo, dosye enfimye lekòl yo, ak done Plan Daksyon Byenèt Lekòl yo.</p> <p>Done enfimye BPS yo montre ke 19,8% elèv fè azma (opresyon), avèk yon</p>

	<p>pousantaj ki pi wo pami elèv koulè ki gen dyagnostik azma (22% elèv miltirasyal, 21% elèv nwa, 20% elèv azyatik, 20% elèv ispanik/latinx, 15% ameriken endijèn/zil pasifik, ak 14% elèv blan). Sondaj Konpòtman Danjre Boston 2019 yo montre ke 14,8% nan lekòl segondè yo te resevwa rekòmasyon aktivite fizik (60 minit oswa plis pa jou), statistikman ase mwens ke elèv nan tout eta a (21,7%) ak nan tout nasyon an (23,2%). 19,5% elèv lekòl mwayèn te resevwa rekòmasyon pou aktivite fizik chak jou. 24,7% elèv lekòl segondè yo te manje dejene (manje maten) chak jou, statistikman konsiderabman mwens ke elèv nan tout eta a (30,8%) ak nan tout nasyon an (33,1%). 45% nan elèv lekòl mwayèn yo te manje dejene (manje maten) chak maten. Pami elèv lekòl segondè, 35% te santi yon tristès pèsistan prèske chak jou pandan de (2) semèn, oswa plis, youn dèyè lòt. Li pi pwobab statistikman pou elèv femèl yo (fi yo) rapòte tristès pèsistan, konpare ak kamarad mal yo (gason yo) (44,8% parapò ak 25,1%) epi li pi pwobab pou elèv ki te idantifye tèt yo kòm lezbyèn, ge, oswa biseksyèl rapòte tristès pèsistan pase kamarad etewoseksyèl yo (59,1% parapò ak 30,5%).</p>
<p>4. Angajman pati entereze yo <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Anplis de manm ke sipèntandan an te lonmen (ki dekri anwo a), reyinyon DWC yo ak patisipasyon nan soukomite domèn regleman konsèy la, ouvè a gran piblik la. Nou egzamine done ki te kolekte pou rapò sa a pandan reyinyon piblik yo atravè ti gwoup diskisyon ki fasilite nan bi pou n jwenn kèk kòmantè.</p>
<p>5. Strateji Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplèmanchè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Rapò a ede distri a egzamine angajman l nan apwòch sante ak byenèt elèv yo ki pran an konsiderasyon Tout Aspè Lekòl yo, Tout Aspè Kominote a, ak Tout Aspè Lavi Timoun yo. Li fè kèk rekòmasyon bay Sipèntandan an ak Komite Skolè a sou divès strateji pou ogmante enplemantasyon regleman an, pou redui mankman nan opòtinite ak disparite (dekalaj) nan sante. DWC a (Konsèy Byenèt Distri a) suiv sik Pwosesis Regleman CDC a pou enplemantasyon regleman an, ki genyen ladan l : siveyans kontinyèl, evalyasyon, ak angajman pati entereze yo pou idantifye anpechman yo ansanm ak enpak previ e enprevi yo (atandi e inatandi yo). Itilizasyon pwosesis sa a ansanm avèk divès eleman Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la ede konsèy la konsantre sou rezilta disparite yo e avanse pratik ki baze sou ekite nan yon fason ki aktif. Rekòmasyon sa yo ki nan rapò sa a ogmante ekite rasyal ak lòt ekite nan fason yo asire bonjan kalite edikasyon sante, edikasyon fizik, ak aprantisaj sosyal emosyonèl atravè ansèyman sal de klas pou tout elèv nan tout lekòl. Apwòch sa a ki baze sou pwèn fò elèv yo, devlope nan elèv yo konesans, konpetans, ak otoefikasite pou yo angaje nan konpòtman ki bon pou sante yo. Rapò a souliye tou kòman envestisman nan amelyorasyon enfrastrikti ak ogmantasyon manm pèsònèl lekòl yo pou founi sèvis sipò, te arive amelyore enplemantasyon regleman an nan distri a ak nan lekòl yo.</p>
<p>6. Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki idantite gwoup yo ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Rapò sa a suiv enplemantasyon uit domèn regleman an atravè yon pwennvi ekite, e li fè kèk rekòmasyon pou yon enplemantasyon ki ta pi okonplè. Enplemantasyon mande sipò nan men plizyè departman biwo santral ak manm pèsònèl lekòl yo. Rekòmasyon yo nan rapò sa a dwe konsidere nan priz desizyon k ap fèt pou distribisyon finansman Sekou Ijans Lekòl Elemantè e Segondè a ("Elementary and Secondary School Emergency Relief" (ESSER)). Divès departman patikilye ki anrasine nan regleman an te soumèt pwopozisyon patikilye pa yo pou ESSER la pou kore apwòch ki konsidere Tout Aspè Lavi Timoun yo.</p>

<p>7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, e kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Konsèy Byenèt Distri a (DWC) ak uit soukomite l yo te devlope yon plan suivi ak evalyasyon pou evalye pwogrè enplemantasyon an. Chak dezan skolè, genyen yon rapò kantitatif ki fèt pou Sipèentandan an ak Komite Skolè a. Biwo Sante ak Byenèt la (OHW) kowòdone DWC a, e l dirije koleksyon enfòmasyon yo ak konpozisyon (ekriti) Rapò Anyèl la. Rapò a soumèt bay Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a, epi l pataje avèk lidè lekòl yo, ak lòt pati enterese, atravè sit entènèt Biwo Sante ak Byenèt la (OHW). Lidè lekòl yo responsab pou yo asire konfòmite a Regleman an, anba sipèvizyon sipèentandan lekòl yo. Depatman yo nan distri a responsab pou yo soutni enplemantasyon ak siveyans divès konpozan patikilye.</p>
--	--